दिन– रविवार दिनांक–29.06.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे स्वास्थ्य सँ लऽकऽ सामाजिक सुरक्षा धरि देश सभ क्षेत्र मे तेजी सँ आगां बढ़ि रहल अछि। आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे श्री मोदी कहलनि जे आइ देशक जनता कोनो ने कोनो प्रकारक सामाजिक सुरक्षाक लाभ लऽ रहल छथि। ओ अंतर्राष्ट्रीय श्रम संगठनक रिपोर्टक उल्लेख कयलनि, जाहि मे कहल गेल अछि जे देशक चौसठि प्रतिशत सँ बेसी आबादी के कोनो ने कोनो सामाजिक सुरक्षा भेटि रहल अछि। प्रधानमंत्री विश्व स्वास्थ्य संगठनक रिपोर्टक उल्लेख सेहो कयलनि, जाहि मे भारत के नेत्रक बीमारी ट्रैकोमा सँ मुक्त घोषित कयल गेल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे ई ओहि लाखो स्वास्थ्य कर्मीक अथक प्रयासक फल अछि जे एहि बीमारी सँ लड़ाई लड़लनि।

आपातकालक उल्लेख करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे जन भागीदारी सँ पैघ सँ पैघ संकटक मोकाबिला कयल जा सकैत अछि। ओ कहलनि जे आपातकाल लगाबयवला ने मात्र संविधानक हत्या कयलनि अपितु हुनक उद्देश्य न्यायपालिका के गुलाम बनेबाक सेहो छल। श्री मोदी कहलनि जे एहि क्रम मे लोक सभ के कठोर यातना देल गेल, छात्र लोकनि के परेशान कयल गेल आ अभिव्यक्तिक आजादीक गर्दनि मरोड़ल गेल। ओ कहलनि जे किछुए दिन पूर्व आपातकाल थोपल जयबाक पचास वर्ष पूरा भेल आ देशवासी लोकनि एकरा संविधान हत्या दिवसक रूप मे मनौलनि। श्री मोदी कहलनि जे एहि मासक एक्कैस तारीख के आयोजित अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस पर दुनियाभरि के करोड़ो लोक भाग लेलनि। ओ कहलनि जे बेसी सँ बेसी लोक अपन दैनिक जीवन मे योग के अपना रहल छथि। प्रधानमंत्री कहलनि जे एहि वर्षक योग दिवसक विषय–एक पृथ्वी एक स्वास्थ्य सेहो बहुत खास छल। ओ कहलनि जे ई मात्र एक नारा नहि अपितु एक दिशा अछि जे हमरा वसुधैव कुटुंबकम्क अनुभव करबैत अछि।

श्री मोदी कैलाश मानसरोवर यात्रा, अमरनाथ यात्रा आ जगन्नाथ रथ यात्राक सेहो चर्चा कयलनि। ओ कहलनि जे उत्तर सँ दक्षिण आ पूरब सँ पश्चिम धरि ई यात्रा एक भारत श्रेष्ठ भारतक भावक प्रतिबिंब थिक। प्रधानमंत्री कहलनि जे महिला लोकनिक नेतृत्व मे विकासक मंत्र भारतक नव भविष्य गढ़बाक लेल तैयार अछि। देशक महिला लोकनि ने मात्र अपना के अपितु पूरा समाज के नव दिशा दऽ रहल छथि। श्री मोदी कहलनि जे पछिला मास भगवान बुद्धक पवित्र अवशेष भारत सँ वियतनाम लऽ जाओल गेल आ हुनका नओ स्थान पर जनताक दर्शन लेल राखल गेल छल। प्रधानमंत्री गुजरातक अहमदाबाद शहर मे नगर निगमक लाखों गांछ लगेबाक अभियानक चर्चा कयलनि। ओ कहलनि जे एहि अभियानक एक खास बात थिक जे–सिंदूर वन। ई वन ऑपरेशन सिंदूरक वीर लोकनि के समर्पित अछि। श्री मोदी कहलनि जे एक पेड़ माँ के नाम अभियानक अंतर्गत देश मे करोड़ों गांछ लगाओल जा चुकल अछि।

———————————————————————

समस्तीपुर जिलाक उजियारपुरक महेशपट्टी मे आइ महर्षि वेदव्यास जयंती सह मछुआरा सम्मेलनक आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर केन्द्रीय गृह राज्य मंत्री नित्यानंद राय लोक सभ सँ जातिवादक राजनीति नहि करबाक आह्वान कयलनि। दोसर दिस भागलपुर मे संत शिरोमणी कबीरदासक जयंती पर पान तांती सम्मान समारोहक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम मे पूर्व केन्द्रीय मंत्री शाहनवाज हुसैन आ पूर्व उप मुख्यमंत्री तारकिशोर प्रसाद समेत आनो गणमान्य लोक भाग लेलनि।

———————————————————————

पटना जिला मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण काज मे करीब पाँच हजार बीएलओ के लगाओल गेल छनि। जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह जिलाधिकारी डॉक्टर एस. त्यागराजन मतदाता लोकनि सँ सही तरीका सँ गणना फार्म भरबाक अपील कयलनि अछि। ई अभियान पच्चीस जुलाई धरि चलत। पटनाक अतिरिक्त सुपौल, मोतिहारी आ आनो आन जिला सँ हमर संवाददाता संवाद देलनि अछि जे मतदाता लोकनि लेल गणना फार्म उपलब्ध कराओल जा रहल अछि।

———————————————————————

पटनाक गांधी मैदान मे आइ वक्फ बचाओ संविधान बचाओ सम्मेलनक आयोजन कयल गेल। एकर आयोजन इमारत–ए–शरिया, ऑल इंडिया मुस्लिम पर्सनल लॉ बोर्ड समेत कतेको आन संगठन कयने छल। राष्ट्रीय जनता दलक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सेहो कार्यक्रम के संबोधित कयलनि।

———————————————————————————

आइ सांख्यिकी दिवस अछि। ई दिवस प्रत्येक वर्ष प्रोफेसर प्रशांत चन्द्र महालनोबिसक जयंतीक उपलक्ष्य मे मनाओल जाइत अछि, जे सांख्यिकी आ आर्थिक नियोजनक क्षेत्र मे अग्रणी छलाह। एहि वर्ष सांख्यिकी दिवसक विषय अछि–राष्ट्रीय नमूना सर्वेक्षण के पचहत्तर वर्ष। एहि अवसर पर राष्ट्रीय सांख्यिकी कार्यालयक पटना स्थित क्षेत्रीय इकाई मे समारोहक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————

बेंगलुरू मे आयोजित इंडियन ओपन एथलेटिक्स मीट दू हजार पच्चीस मे बेगूसरायक सन्नी कुमार लॉन्ग जंप स्पर्धा मे रजत पदक जीत कऽ बिहार के गौरवान्वित कयलनि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।